

1. Pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/edikasyon Altènativ/Jistis Jivenil/Sèvis pou jèn
 - a. Sistèm lekòl Distri a ofri pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/edikasyon Altènativ/Jistis Jivenil/Sèvis pou jèn ki prepare pou satisfè bezwen elèv yo ki pa reyisi akademikman, oswa ki gen pwoblèm konpòtman dezagreyab nan anviwonman lekòl ki regilye.
 - b. Pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/edikasyon Altènativ/Jistis Jivenil/Sèvis pou jèn kapab dire lontan oswa yon ti bout tan. Yo kapab pran tou nenpòt fòm Komite Egzekitif la pwouve, ki konsistan ak Lwa Florid la ansanm ak prensip depatman edikasyon an.
 - c. Revizyon mwa Mas 2009 manyèl pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/Edikasyon altènativ/Jistis Jivenil/Sèvis pou jèn yo (“Manyèl”) te enkòpore la pa referans ak fè pati règleman sa a. Yo dwe klase Manyèl la avèk anplwaye Komite Egzekitif Depatman Edikasyon kòm yon pati nan règleman sa a. L ap disponib tou pou enspeksyon piblik nan biwo Afè Piblik ak sou sit entènèt distri a kote ki gen pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/Edikasyon Altènativ, ki aktyèlman plase nan: www.palmbeach.k12.fl.us/alternativeed. Yo dwe refere pwosedi ki nan manyèl la an konjonksyon avèk tout pwovizyon règleman sa a. Yo dwe entèprete an plizyè fwa akansanm ak lwa federal epi eta a, ni règleman, ni Manyèl la, ak chak pwovizyon yo.
 - d. Tout fòm yo fè referans nan manyèl la, oswa yo refere nan fòm sa yo, te enkòpare la pa referans kòm pati règleman sa a. Yo kapab jwenn fòm sa yo nan pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/Edikasyon Altènativ. Yo kapab jwenn yo tou sou sit entènèt depatman ki gen Achiv distri a nan: www.palmbeach.k12.fl.us/Records/FormSearch.asp.
 - e. Y ap kenbe ak revize yon lis orijinal ki gen pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/edikasyon Altènativ/Jistis Jivenil/Sèvis, lokal sit yo, ak kritè pwogram k ap bay sipò sou sit entènèt pou anpeche elèv kite lekòl/Edikasyon Altènativ distri a nan: www.palmbeach.k12.fl.us/alternativeed.
2. Pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/Edikasyon Altènativ/JuvenileJistis Jivenil/Sèvis pou jèn – Elèv ki kalifye pou Sèvis yo ak /oswa anba IDEA/Seksyon 504/ADA/ELL
 - a. Elèv ki kalifye pou sèvis anba Lwa pou endividi ki gen difikilte pou aprann (“IDEA”) ak elèv yo transfere nan pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/Edikasyon Altènativ/Jistis Jivenil/Sèvis pou jèn dapre pwosedi Manyèl la dwe resevwa konpozan ak sèvis edikatif ki genyen nan plan pou edikasyon endividyèl (Individualized Education Plans - IEPs) pou tout elèv yo refere nan pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/Edikasyon Altènativ.
 - b. Elèv yo ki kalifye pou akomodasyon ak/oswa sèvis anba Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon ane 1973 (504) epi elèv yo transfere nan pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/Edikasyon Altènativ/Jistis Jivenil/Sèvis pou jèn dapre pwosedi ki nan manyèl la dwe resevwa pwogram nan ak sèvis ki genyen nan Plan Akomodasyon 504 yo a.
 - c. Elèv ki kalifye pou sèvis (ELL) Elèv k ap aprann pale lang Anglè epi yo transfere nan pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/Edikasyon Altènativ/Jistis Jivenil/Sèvis dwe resevwa pwogram nan ak sèvis ki dekri nan plan edikatif Elèv ELL yo a.
3. Kowòdinasyon ak Konfidansyalite dosye elèv yo nan ajans gouvènman yo
 - a. Y ap kowòdone pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/Edikasyon Altènativ/Jistis Jivenil/Sèvis, si l aplikab, avèk Depatman pou Timoun ak Fanmi nan Florid, Depatman pou Ranfòse Lalwa nan Florid, Biwo Jeneral Avoka nan Florid, Depatman Jistis Jivenil nan Florid, ak lòt ajans gouvènman yo oswa ajans prive jan yo kapab apwopriye.
 - b. Enfòmasyon ki nan dosye elèv la kapab chanje konfòmman ak Règleman 5.50(9) Komite Egzekitif Depatman Edikasyon an ak Lwa Florid ki aplikab yo. Sepandan, ajans ki resevwa enfòmasyon an a dwe sèlman itilize l pou rezon ofisyèl an koneksyon ak administrasyon an epi plasman oswa anlèvman nan pwogram edikasyon altènativ. Ajans ki resevwa enfòmasyon an dwe kenbe l konfidansyèl konfòmman ak Lwa Florid § 1002.22, amwenske lwa federal oswa lwa eta a endike otreman oswa egzonere l
4. Pwogram endividyèl planifye pou anpeche elèv kite lekòl/edikasyon Altènativ/Jistis Jivenil/Sèvis pou jèn (eksepte pwogram pou paran adolesan)

- a. Kowòdinasyon ajans. (gade pwovizyon ajans kowòdinasyon nan paj 19 Manyèl la ak Paragraf 3a regleman sa a.) Yo kapab jwenn ajans kominotè yo ki kapab ede elèv yo nan pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/edikasyon Altènativ/Jistis Jivenil/Sèvis pou jèn sou sit entènèt ki gen pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/edikasyon Altènativ. Sou demand, y ap founi enfòmasyon an sou entènèt alekri.
- b. Rezilta objektif espesifik. (gade rezilta objektif aplikab yo ak pwovizyon objektif nan Paj 4, 19, 20, 21, 22, 23, 24, 27, 28 ak 29 Manyèl.)
- c. Evalyasyon. (gade pwovizyon evalyasyon ak deklarasyon aplikab yo nan Paj 19, 21, 22 ak 25 Manyèl.) Evalyasyon pwogram yo ap rive souvan jan lwa mande l.
- d. Espesifik kritè kalifikasyon elèv. (gade pwovizyon kondisyon kalifikasyon elèv aplikab yo nan Paj 6, 7, 9, 11, 12, 13, 14, 16, 17, 19, 23, 24, 25, 26, 27, 28 ak 29 Manyèl la.)
- e. Pwovizyon admisyon elèv. (gade rekòmandasyon elèv aplikab ak pwovizyon pake kondisyon an nan Paj 6, 7, 8, 9, 10, 11, 12, 13, 14, 15, 16, 17, 18, 23, 25, 26, 27 ak 29 Manyèl.)
- f. Pwogram pwosedi operasyon an ap genyen:
 - i. Kourikoulòm (gade pwovizyon kourikoulòm aplikab yo nan Paj 19, 24, 25, 28 ak 29 Manyèl la.)
 - ii. Estrateji espesyal (gade pwovizyon estrateji aplikab nan paj 20 Manyèl la.)
 - iii. Aksè egal pou elèv espesyal ak elèv k ap aprann Lang Anglè ki kalifye (gade pwovizyon aksè aplikab nan paj 17, 20 ak 24 Manyèl la ak Paragraf 2a, b & c regleman sa a.)
 - iv. Sèvis pou elèv – Pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/edikasyon Altènativ/Jistis Jivenil/Sèvis pou jèn fasilite sèvis yo bay elèv ki anwole nan pwogram lekòl entèmedyè ak segondè Distri a, enkli sa yo ki etabli atravè akò kowoperatif ak pwogram ki sou kontra. Sèvis yo baze dapre bezwen endividu yo. Yo kapab genyen sèvis ki konsène yo, ki enkli terapi pou pwoblèm pale ak langaj, terapi okipasyonèl, ak fizyoterapi.
 - v. Nivo klas elèv ki jwenn sèvis. (gade grade level statements ki aplikab nan paj 6, 7, 9, 12, 14, 23, 24, 28 ak 29 Manyèl la.)
 - vi. Ienplemantasyon sit yo. (gade Paragraf (1) (e) anwo nan regleman sa a ak paj 19, 23, 24, 25, 26, 28 ak 29 Manyèl la)
- g. Men sou kisa yo baze pwojeksyon elèv ki ale lekòl aplentan (FTE) pou yo pa kite pa kite lekòl:
 - i. Kantite ak tan peryòd klas yo . (gade pwovizyon preryòd edikatif aplikab nan paj 21, 22, 24, 25, 28 ak 30 Manyèl la.)
 - ii. Dimansyon mwayèn klas la – Atik sa varye ant pwogram yo. An jeneral pwogram sa yo ofri pi piti dimansyon klas ak divès lè klas. Tanpri gade deskripsyon pwogram endividuèl sou sit entènèt pou anpechi elèv kite lekòl/edikasyon altènativ pou enfòmasyon espesifik chak pwogram.
 - iii. Tan li dire. (gade pwovizyon pou dire tan ak opsyon sòti ki aplikab nan paj 8, 9, 10, 14, 15, 22, 25, 26, 27, 29 ak 30 Manyèl la.)
 - iv. Total kantite elèv ki jwenn sèvis. Tkantite elèv yo pwojete k ap jwenn sèvis ap parèt nan yon rapò ki sitiye sou sit entènèt pou anpeche elèv kite lekòl/altènativ edukasyon, baze sou faktè ki anwo yo ak kapasite pwogram yo.
- h. Kalifikasyon pèsonèl. -- Lekòl pou anpeche elèv kite lekòl/Edikasyon Altènativ/Jistis Jivenil/Sèvis pou jèn ak pwogram administratè yo fè sèten pèsonèl ki kalifye satisfè kondisyon pou sètifikasyon Depatman Edikasyon nan Florid (Florida Department of Education - FLDOE) Konfòmman ak pwosedi Distri a, pwofesè yo ki asiye nan pwogram sa yo posede kalifikasyon emosyonèl, pedagojik, ak validite ki nesèsè pou satisfè bezwen elèv sa yo. (1003.53(4), Lwa Florid).
- i. Aktivite pou devlopman estaf. -- Pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/Edikasyon Altènativ/Jistis Jivenil/Sèvis pou jèn bay trening aktivite ki enkli kourikoulòm resan ak estrateji espesyal pou satisfè bezwen elèv yo. Yo mete yo sou orè pandan tout ane a. Plan trening pwogram pou anpeche elèv kite lekòl/Edikasyon Altènativ/Jistis Jivenil/Sèvis pou jèn konpoze ak akministratè, enstriktè, ak trening pou non enstriksyonèl, ki enkli trening nan domèn sa yo: estrateji modèn pou anseye, enstriksyon baze sou konpitè,

enstriksyon baze sou konpetans, gesyon klas, competency-based instruction, classroom management, envantè sou manyè pou aprann, ak modèl edikatif pou lekti.

5. Plan Pwogram Endividyèl pou Paran Adolesan

a. Ajans Kowòdinasyon.

Gade pwovizyon Ajans Kowodinasyon nan paj 19 Manyèl la ak Paragraf 3a règleman sa a.

b. Objektif rezilta espesifik.

Gade pwovizyon objektif rezilta espesifik yo nan paj 19, 31 ak 32 Manyèl la.

c. Evalyasyon.

Gade Evalyasyon pwovizyon yo nan paj 19 Manyèl la. Evalyasyon pwogram nan ap fèt otandefwa lalwa egzije l.

d. Kritè espesifik pou kalifikasyon .

Gade pwovizyon kalifikasyon elèv nan paj 31 Manyèl.

e. Pwosedi admisyon elèv.

Gade pwovizyon pwosedi admisyon elèv yo nan paj 31 ak 32 Manyèl la.

f. Pwogram operasyon pwosedi yo ap enkli:

i. Gwosès- ak kourikoulòm pou edikasyon paran.

Gade pwovizyon ak prensip kourikoulòm ki aplikab nan paj 19, 32 ak 33 Manyèl la.

ii. Estrateji espesyal.

Gade pwovizyon estrateji ki aplikab yo nan paj 20, 33 ak 34 Manyèl la.

iii. Aksè egal pou elèv espesyal ak elèv k ap aprann pale lang Anglè ki kalifye.

Gade pwovizyon aksè ki aplikab nan paj 20 ak 31 Manyèl la ak Paragraf 2a, b ak c regleman sa a.

iv. Sèvis pou elèv.

A. Deskripsyon sèvis gadri pou timoun.

Gade pwovizyon gadri pou timoun nan paj 33 Manyèl la.

B. Deskripsyon sèvis sante.

Gade pwovizyon sèvis sante nan paj 34 manyèl la.

C. Deskripsyon sèvis sosyal.

Gade pwovizyon sèvis sosyal ki nan paj 34 manyèl la.

D. Deskripsyon transpòtasyon.

Gade pwovizyon transpòtasyon ki nan paj 33 ak 34 nan manyèl la.

E. Lòt sèvis nou kapab ofri patisipan yo.

Pwogram *“Dropout Prevention/Alternative Education Principal”* ki se pwogram pou anpeche elèv kite lekòl la; li fasilite sèvis yo bay elèv ki anwole nan lekòl entèmedyè ak lekòl segondè distri a ap dirije, enkli sa yo etabli apati akò koperatif ak pwogram ki fèt sou kontra. Sèvis yo baze sou bezwen elèv yo e yo kapab genyen sèvis ki an relasyon tankou Diskou ak Diksyon, Ègoterapi, ak ekzèsis fizik.

v. Mete sit yo anvigè.

Gade paragraf (1) (e) ki anlè a nan règleman sa a ak paj 31 epi 32 nan manyèl la.

vi. Kantite tan pou elèv yo ak pitit yo rete nan pwogram nan.

Gade longè tan, peryòd edikatif, ak pwovizyon opsyon pou soti nan paj 33 nan manyèl la.

vii. Total pwogram pou paran minè “FTE” ki la pou elèv ak pitit yo.

Pwojeksyon sou kantite elèv y ap sèvi ap reflete sou yon rapò nan sit entènèt *“Dropout Prevention/Alternative Education”* pandan y ap baze sou faktè ak kapasite pwogram nan.

g. Kalifikasyon endividyèl.

Lekòl ki gen pwogram *“Dropout Prevention/Alternative Education”* ki se pwogram pou anpeche elèv kite lekòl la ak administratè pwogram yo fè sèten manm dirijan ki kalifye yo konfòm ak obligasyon pou Diplòm Depatman Edikasyon Florid (DOE) mande. Pandan y ap suiv pwosedi distri a, pwofesè ki anchaj yo genyen abilite afektiv, pedagogik, ak eleman apwopriye ki nesèsè pou satisfè bezwen elèv sa yo (1003.53(4), Règleman Flori).

h. Aktivite Pou Devlopman Estaf.

Pwogram *“Dropout Prevention/Alternative Education Principal”* ki se pwogram pou anpeche elèv kite lekòl la ofri aktivite trening ki gen nouvo korikoulòm ak estrateji espesyal pou satisfè bezwen elèv epi sa ap dire pandan tout ane akademik la. Plan trening pwogram *“Dropout Prevention/Alternative Education”* an genyen ladann administratè, trening moun ki anseyan ak trening moun ki pa anseyan; sa genyen domèn sa yo: Estrateji ansèyman inovatif, enstriksyon baze sou òdinatè, enstriksyon baze sou konpetans, jerans sal klas, envantè sou mòd aprantisaj, modèl pou anseye lekti.

OTORITE LEGAL: Lwa Florid §§ 1001.32(2); 1001.41(1) & (2); 1001.42(25); 1001.43(1);
1003.53(2)

LWA ANVIGÈ: Fla. Stat. §§ 1001.42(4)(l) & (n); 1001.41 (3), (5) & (6); 1003.52; 1003.53;
1003.54 RÉGLEMEN DEPATMAN EDIKASYON FLORID: SBER 6A-6.052-
6A-6.05292

DOSYE ISTORIK: 2/7/79; 5/5/82; 4/6/83; 01/14/2002; 5/06/2009